Pou Piblikasyon Imedya: 02/09/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

NAN FÈT TRAVAY LA, GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU REYALIZASYON TRAVAY AK MENDÈV LA POU SIPÒTE, PWOTEJE, AK FÒME TRAVAYÈ NEW YORK YO

Premye Eta nan nasyon an ki kreye konje prenatal peye

Lòt gwo reyalizasyon yo enkli plis pase 200 milyon dola pou soutni kat Sant Fòmasyon nan Fabrikasyon Avanse ON-RAMP pou prepare Nouyòkè yo pou travay alavni yo, plis pase 646 milyon dola pou rekrite ak fòme plizyè milye travayè swen sante

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mete aksan sou reyalizasyon travay ak mendèv New York la nan kad selebrasyon Fèt Travay la. Gouvènè Hochul te travay avèk dilijans pou adopte yon ajanda travayè nasyonal, ki gen ladan: plan istorik pou ogmante salè minimòm New York ak endekse li ak enflasyon, ki ofri 12 semèn konje paran totalman peye pou plis pase 150,000 anplwaye eta, ak lòt inisyativ pou ogmante salè ak benefis, elaji salè anvigè yo, konekte moun k ap chèche travay ak opòtinite travay, epi ede asire sekirite retrèt pou travayè sektè prive yo. Gouvènè a te kontinye tou yon represyon agresif sou vòl salè ak fè avanse nouvo inisyativ pou pwoteje travayè yo kont diskriminasyon, asèlman, abi, asire gwo benefis travayè nan pwojè transfòmasyon New York yo; epi distribiye sibvansyon atravè nouvo Biwo Devlopman Estratejik Mendèv (Office of Strategic Workforce Development) pou kreye opòtinite fòmasyon pou tout Nouyòkè yo.

"Travayè New York yo pa sèlman motè dèyè ekonomi nou an – se pwofesè ki edike timoun nou yo, fòs lòd ki fè respekte lalwa ki pwoteje kominote nou yo, travayè konstriksyon ki mennen eta nou an nan yon lòt nivo, ak anpil lòt bagay ankò", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan Fèt Travay la, nou onore pwogrè fòmidab mouvman travayè òganize Ameriken an ak batay kontinyèl pou dwa ak pwoteksyon travayè yo pandan n ap reyafime angajman nou an pou salè ki jis, swen sante, ak diyite ak respè pou tout travayè yo. Kat sendika a kontinye tounen yon senbòl pwisan ki te ede leve plizyè milyon fanmi New York, ki gen ladan fanmi pa m, soti nan povrete, epi administrasyon mwen an ap kontinye asire tout Nouyòkè yo gen avantaj ak opòtinite yo bezwen ak yo merite."

Gouvènè Hochul te yon sipòtè depi lontan nan sendika travayè New York yo epi li rete angaje nan sipòte travayè New York yo. Gouvènè a te pran mezi sa yo pou sipòte, pwoteje, ak fòme travayè yo nan ane ki sot pase a, sou baz travay ak reyalizasyon mendèv prensipal yo nan ane pase a:

Amelyore salè ak avantaj yo
Ratifikasyon akò Travay 3 zan ak PBA: Nan mwa jen 2024, Gouvènè Hochul te anonse ratifikasyon yon akò travay pou twazan ak Asosyasyon Volontè Lapolis Eta New York, ki gen ladann plis pase 1,100 manm.

Akò Pwojè Travay sou Pwojè Konstriksyon SUNY yo: Nan kad Bidjè ane fiskal 2025 la, nenpòt pwojè konstriksyon ki gen plis pase 10 milyon dola sou kanpis SUNY egzije siyati yon akò pwojè travay.

Ranfòse efò rekritman ak konsèvasyon yo nan refòme Nivo 6 la: Nan kad Bidjè ane fiskal 2025 la, Gouvènè Hochul te anonse de refòm nan benefis retrèt pou manm Nivo 6 yo: chanje salè mwayen final dènye ane a pou detèmine benefis retrèt yon anplweye piblik soti nan senk ane youn apre lòt ki pi wo yo pou pase a twa ane konsekitif ki pi wo yo, epi pwolonje de ane lè siplemantè yo fè ki pa ladan l yo lè yo detèmine pousantaj kontribisyon yon manm Nivo 6 nan benefis pansyon yo.

5 milyon dola pou elaji pwogram ranbousman prè pou travayè sante mantal yo: Nan mwa novanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse yon ekspansyon 5 milyon dola pou Pwogram Ranbousman Prè Sante Mantal Kominotè (Community Mental Health Loan Repayment Program, CMHLRP) pou elaji elijibilite pou pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans yo.

Ogmantasyon konpansasyon minimòm chak semèn pou avantaj konpansasyon travayè yo: Nan mwa septanm 2023, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki te ogmante to avantaj minimòm chak semèn pou avantaj konpansasyon travayè yo ki an vigè apati 1e janvye 2024. Avantaj minimòm chak semèn te 150 pa semèn depi 2013. Nan dat 1e janvye 2024, avantaj minimòm chak semèn ogmante a 275 dola chak semèn, epi li pral ogmante a 325 dola chak semèn nan dat 1e janvye 2025. Apati 1e jiyè 2026, avantah minimòm chak semèn yo pral endekse ak Salè Mwayèn Chak Semèn Eta New York (New York State Average Weekly Wage, NYSAWW) chak ane.

Ogmantasyon Avantaj Konje Fanmi Peye Eta New York, Pri ki Redwi: Nan mwa janvye 2024, to avantaj maksimòm chak semèn pou Konje pou Fanmi Peye te ogmante a plis pase 20 apati 2023. Anplwaye k ap pran Konje pou Fanmi Peye yo resevwa 67 pousan salè mwayèn chak semèn yo, jiska yon limit 67 pousan Salè Mwayèn Chak Semèn Eta New York (NYSAWW). Pou 2024, NYSAWW se 1,718.15 dola, ki vle di maksimòm avantaj chak semèn se 1,151.16 dola. Konje Fanmi Peye finanse atravè dediksyon rejis peman anplwaye yo. An 2024, to kontribisyon anplwaye a te pi ba pase an 2023, sa ki te redwi kontribisyon maksimòm anplwaye anyèl la pa 66.18 dola.

Elaji opòtinite pou anplwa ak fòmasyon

Prèske 40 milyon dola pou Pwochen Faz Pwogram Travay Jèn pou Redui Vyolans ak Zam: Nan mwa out 2024, Gouvènè Hochul te anonse te akòde prèske 40 milyon dola pou pwochen faz Pwogram Travay pou Jèn yo, ki pral ede New York kontinye diminye vyolans ak zam nan bay opòtinite travay ak fòmasyon pou jèn ki an danje nan kominote yo atravè Eta a.

646 milyon dola pou rekrite ak fòme plizyè milye travayè swen sante: Nan mwa out 2024, Gouvènè Hochul te anonse twa Òganizasyon Envestisman nan Mendèv (Workforce Investment Organizations, WIO) pral resevwa prim ki totalize jiska 646 milyon dola pandan twa pwochèn ane yo pou aplike Pwogram Fòmasyon Chemen Karyè (Career Pathways Training, CPT) a, ki pral rekrite ak fòme plizyè milye nouvo travayè sante, sante ak swen sosyal atravè New York.

Envestisman nan Pwojè Tinèl Gateway: Nan mwa jiyè 2024, Gouvènè Hochul te anonse yon sibvansyon federal 6.8 milya dola pou ranfòse Pwojè Tinèl Gateway la, ki espere kreye 95,000 djòb epi jenere 19.6 milya dola nan aktivite ekonomik.

54 milyon dola nan finansman Eta a pou sipòte pwojè Metwo Second Avenue an Nan mwa jiyè 2024, Gouvènè Hochul te anonse Eta New York pral bay 54 milyon dola nan resous eta a pou sipòte pwojè ekspansyon Metwo Second Avenue an ki ta pwolonje liy Second Avenue an rive nan 125th St nan East Harlem

22.5 milyon dola nan finansman ogmante fòmasyon mendèv swen sante: Nan mwa jiyè 2024, Gouvènè Hochul te anonse ke 28 etablisman swen sante nan tout eta a pral resevwa 22.5 milyon dola nan prim pandan ane k ap vini an pou fòmasyon – yon pati nan 10 milya dola envestisman Gouvènè a pou plizyè ane nan swen sante.

Kòmanse konstriksyon sou pi gwo pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot New York la: Nan mwa jiyè 2024, Gouvènè Hochul te anonse kòmansman konstriksyon nan pi gwo pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot New York la, Sunrise Wind, yon pwojè 924 megawat ki devlope pa Ørsted. Li pral sipòte plis pase 800 djòb dirèk epi li pral konstwi dapre akò travay pwojè k ap mennen nan endistri ki asire patisipasyon travayè sendika lokal yo nan tout faz konstriksyon yo.

Ouvèti premye sant fòmasyon pou travay vèt Push Buffalo a. Nan mwa jiyè 2024, Gouvènè Hochul te anonse yon seremoni koupe riban ki make ouvèti ofisyèl Sant Fòmasyon Mendèv Dirabilite (Sustainability Workforce Training Center, SWTC) a, premye sant fòmasyon pou travay vèt nan rejyon an, nan West Side nan Buffalo.

Nouvo Pwogram Pilòt Bous Plis pou Jistis Klimatik ki koute 3 milyon dola nan Bronx ak Queens: Nan mwa jiyè 2024, Gouvènè Hochul ak Reprezantan Alexandria Ocasio-Cortez te anonse 3 milyon dola nan finansman Depatman Travay Etazini (U.S. Department of Labor, USDOL) an, ki disponib kounye a atravè yon nouvo pwogram pilòt, Pwogram Bous Plis pou Jistis Klimatik (Climate Justice Fellowship Plus Program, CJF Plus), nan Bronx ak Queens.

Finansman pou Kolèj Kominotè SUNY pou Prepare Mendèv Swen Sante a, Satisfè Bezwen Sante Mantal Elèv yo: Nan mwa jen 2024, Gouvènè Hochul te anonse 8 milyon dola nan finansman anyèl renouvlab pou 30 kolèj kominotè Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) — premye ogmantasyon nan prèske yon deseni — pou avanse objektif swen sante ak sante mantal pou Eta New York ak sistèm SUNY an.

55 milyon dola pou ede jèn ki an risk yo antre nan mendèv la pandan ete sa a: Nan mwa me 2024, Gouvènè Hochul te anonse ke plis pase 20,000 jèn ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo te prevwa travay atravè Eta a pandan ete sa a atravè Pwogram Travay pou Jèn yo Pandan Ete (Summer Youth Employment Program) nan Eta New York. Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) la ap distribye 55 milyon dola bay tout 57 konte yo ak Vil New York pou ede jèn ki otreman pa ta gen aksè ak travay ete k ap antre sou mache travay la, jwenn konpetans pwofesyonèl ak eksplore chemen karyè posib.

11.6 milyon dola pou devlope mendèv endistri enèji pwòp la: Nan mwa me 2024, Gouvènè Hochul te anone 11.6 milyon dola nan finansman pou sipòte inisyativ devlopman mendèv nan endistri enèji pwòp nan Eta New York la.

Plis pase 8.7 milyon dola akòde atravè Biwo Devlopman Mendèv Estratejik la: Nan mwa me 2024, Gouvènè Hochul te anonse ke Biwo Devlopman Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development) Eta New York la te bay yon lòt 8.7 milyon dola finansman pou 11 pwojè atravè Eta a atravè Pwogram Sibvansyon Kapital pou Devlopman Mendèv ak Salè sou Rannman an.

Gouvènè Hochul mete aksan sou angajman pou sipòte mendèv piblik la: Nan mwa me 2024, Gouvènè Hochul te mete aksan sou angajman administrasyon li a pou sipòte mendèv piblik New York la pou onore Semèn Rekonesans Sèvis Piblik la. Gouvènè Hochul te devwale yon nouvo sitwèb StateJobsNY ak plizyè milye òf travay nan gouvènman eta a epi li te lanse yon efò pou sansibilize piblik la pou ankouraje anbochaj nan eta a ak ranfòse rekritman.

Lanse Pwogram Sibvansyon Mohawk Valley Empowers 10 milyon dola a: Nan mwa avril 2024, Gouvènè Hochul te anonse lansman Mohawk Valley Empowers, yon inisyativ 10 milyon dola sou twa zan, ki fèt pou ranfòse ekosistèm mendèv rejyonal Mohawk Valley a.

Similatè CDL nan Sant Karyè NYSDOL yo: DOL ap franchi yon apwòch inovan pou jwenn plis operatè kalifye dèyè volan an. Atravè yon patenarya enteresan ak Trucking Association of New York, ajans lan te lanse yon pwogram similatè CDL dènye kri nan Career Centers nan Albany ak Utica pou akselere fòmasyon karyè.

Elaji Biwo Tranzisyon Jis la: Bidjè ane fiskal 2025 la te ranfòse Biwo tranzisyon jis la pa 25 milyon dola pou sipòte lejislasyon ki te adopte nan Bidjè ane fiskal 2024 la ki vize

fòmasyon mendèv ak refòmasyon pou prepare travayè yo pou travay nan domèn enèji renouvlab.

Planifye pou transfòme ekonomi ak mendèv New York la nan kad Bidjè ane fiskal 2025 la: Bidjè Ane Fiskal 2025 la genyen ladan l yon envestisman kapital 500 milyon dola pou relanse yon patenarya 10 milya dola pou rechèch sou kat pis pwochèn jenerasyon yo; yon envestisman 200 milyon dola pou soutni kat sant fòmasyon nan fabrikasyon avanse ON-RAMP epi prepare Nouyòkè yo pou travay alavni yo; epi devlope Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI), NY Forward, FAST NY, ak Restore NY yo pou katalize kwasans ekonomik atravè Eta New York. Bidjè a ajoute tou 80 milyon dola finansman kapital pou ranfòse sektè atistik ak kiltirèl yo ak sipòte nouvo inisyativ atistik piblik yo, epi bay nouvo sipò pou antreprenè imigran yo; epi elimine egzijans demode konje maladi ki gen rapò ak pandemi an.

Ogmantasyon nan finansman AIM: Bidjè ane fiskal 2025 la enkli yon ogmantasyon 50 milyon nan finansman AIM pou minisipalite yo.

13.7 milyon dola pou Sipòte Pwogram Fòmasyon Mendèv nan Edikasyon an: Nan mwa avril 2024, Gouvènè Hochul te anonse ke yo te atribye 13.7 milyon dola nan Prim Devlopman Mendèv nan Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) ak Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) ak fakilte ak inivèsite prive nan kad Envestisman nan Mendèv Edikasyon.

32 milyon dola pou ogmante Mendèv pou Sipòte Nouyòkè ki gen andikap Devlopmantal yo: Nan mwa mas 2024, Gouvènè Hochul te anonse yon envestisman 32 milyon dola pou elaji pwogram mikwo-akreditasyon Pwofesyonèl Sipò Dirèk (Direct Support Professional, DSP) Inivèsite Eta New York ofri an patenarya ak Biwo pou Moun ki gen Andikape Devlopmantal (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD).

Gouvènè Hochul selebre rekiperasyon ekonomik total New York apre pandemi an: Nan mwa mas 2024, Gouvènè Hochul te selebre rekiperasyon ekonomik total New York apre pandemi an apre piblikasyon done Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York la ki montre yon kantite travay total nan sektè prive a ki totalize 8,346,200 djòb – ki se nivo rekò ki pi wo.

Prim Devlopman Ekonomik ki ankouraje plis pase 5.2 milya dola nan envestisman kapital: Nan mwa mas 2024, Gouvènè Hochul te anonse prim enèji nan pri ki ba pou 11 konpayi ki pral ankouraje plis pase 5.2 milya dola nan envestisman kapital. Prim yo, ki apwouve pa Konsèy Administrasyon Otorite Enèji New York la sipòte 5,781 djòb atravè eta a.

Lansman elijiblite Pwogram Asistans pou Frè Lekòl pou Pwogram Devlopman Mendèv SUNY ak CUNY yo: Nan mwa mas 2024, Gouvènè Hochul te anonse lansman premye elijibilite pou Pwogram Asistans pou Frè Lekòl (Tuition Assistance Program,

TAP) la pou kouvri plizyè santèn pwogram SUNY ak CUNY ki pa gen diplòm ki mennen nan travay nan domèn k ap grandi ki gen anpil demann yo.

500 milyon dola envestisman atravè inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta a: Nan mwa fevriye 2024, Gouvènè Hochul te anonse ke New York pral patisipe nan Inisyativ pou Antreprenarya Enklizif federal la, ki se yon efò nasyonal ki te dirije pa Depatman Trezò Etazini (U.S. Department of the Treasury) an pou elaji aksè ak kapital pou ti biznis ke endividi ki sosyalman ak ekonomikman defavorize (socially and economically disadvantaged individua, SEDI) posede. Inisyativ pou Antreprenarya Enklizif la vize ede ti biznis ki posede pa moun ki soti nan popilasyon ki istorikman defavorize yo epi asire aplikasyon ekitab nan Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta ki evalye a 10 milya dola nan Trezò Ameriken an – kote New York te resevwa plis pase 500 milyon dola ladan.

4 milyon dola sibvansyon pou fòmasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot ak devlopman mendèv: Nan mwa fevriye 2024, Gouvènè Hochul te anonse dezyèm faz prèske 4 milyon dola nan sibvansyon Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot (Offshore Wind Training Institute, OWTI) yo akòde pou devlopman mendèv. Finansman an sipòte uit pwogram ki dirije pa kanpis Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) dirije ki fèt pou prepare etidyan yo pou karyè nan endistri enèji ewolyèn sou zòn kot k ap emèje sa a.

Gwo amelyorasyon nan Pwogram Sipò pou Pwofesè ak Pwogram Mendèv Edikasyon yo: Nan mwa fevriye 2024, Gouvènè Hochul te anonse gwo pwogrè nan de inisyativ edikasyon Eta New York ki fèt pou ranfòse mendèv anseyan Eta a. Premye inisyativ la se ekspansyon Pwogram Anbasadè sou Devlopman Karyè Pwofesè yo, ki te double nan gwosè pou rive genyen 60 patisipan nan dezyèm gwoup la. Dezyèm lan ap bay Depatman Edikasyon Vil Nouyòk 12 milyon dola pou sipòte 400 pwofesè ki rezide k ap chèche diplòm metriz oswa sètifikasyon, ak 442,930 dola bay BOCES Cayuga-Onondaga pou sipòte kenz rezidan nan kad Pwogram Rezidans Pwofesè Empire State la.

Agrandisman pwogram pou bay moun ki nan prizon yo idantite eta bay anvan yo libere: An janvye 2024, Gouvènè Hochul te anonse ekspansyon yon pwojè nan kad inisyativ istorik li a ki se 'Soti nan Prizon al Travay' (Jails to Jobs) ki bay kat idantite ki pa pèmi kondwi pou moun ki te libere nan detansyon Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) a, sa ki rann li pi fasil pou rejwenn mendèv la.

Inisyativ Fòmasyon nan Enèji Pwòp pou Aprantisaj ak Pre-Aprantisaj ki koute 45 milyon dola: Nan mwa desanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse yon nouvo Inisyativ Fòmasyon Enèji Pwòp pou Aprantisaj ak Pre-Aprantiaj ki koute 45 milyon dola pou elaji kapasite òganizasyon travay yo pou yo ofri fòmasyon kòm yon chemen pou karyè nan enèji pwòp.

4.8 milyon dola pou ede devlope mendèv pwofesè New York: Nan mwa desanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse 4.8 milyon dola nan kad dezyèm faz prim finansman

atravè Pwogram Rezidans Pwofesè Empire State (Empire State Teacher Residency Program) k ap koute 30 milyon dola New York la pou devlope ak divèsifye mendèv edikatif nan finanse totalman oswa pasyèlman diplòm metriz pou rezidan ki se pwofesè yo.

Envestisman Transfòmatif pou prepare etidyan New York Santral pou travay nan fabrikasyon teknoloji: Nan mwa desanm 2023, Gouvènè Hochul te inogire Lekòl Segondè pou Syans, Teknoloji, Atizay ak Matematik (Science, Technology, Arts and Math, STEAM) nan Syracuse – premye lekòl segondè teknik rejyonal New York, ki pral ouvri an 2025 gras ak yon angajman 71 milyon dola eta a.

Eliminasyon reta nan sètifikasyon pou biznis ke minorite ak fanm yo posede: Nan mwa novanm 2023, Gouvènè Hochul te selebre eliminasyon reta nan sètifikasyon New York ki dire plizyè ane pou antrepriz biznis minorite ak fanm yo posede apre yon envestisman transfòmatè 11 milyon dola Gouvènè a te garanti nan bidjè ane fiskal 2023 a pou amelyore efikasite sètifikasyon an.

Nouvo Finansman pou Pwogram Pre-Aprantisaj pandan Mwa Aprantisaj Eta New York la: Nan mwa novanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse yon envestisman enpòtan 2 milyon dola pou amelyore pwogram pre-aprantisaj Antre Dirèk atravè Eta New York. Ak fyète, Gouvènè Hochul te pwoklame Novanm kòm Mwa Aprantisaj Eta New York.

Yo te Akòde plis pase 57 milyon dola atravè inisyativ REDC la: Nan mwa novanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse ke yo te bay plis pase 57 milyon dola pou sipòte 238 pwojè atravè Eta New York atravè inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Council, REDC) la.

90 milyon dola yo akòde atravè Pwogram FAST NY la: An novanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse ke yo te bay prèske 90 milyon dola pou sis lokal nan kad pwogram sibvansyon Atraksyon Sible pou Zòn ki Pare pou Lanse nan New York (Focused Attraction of Shovel-Ready Tracts New York, FAST NY) Premye anonse nan fevriye 2022, pwogram lan fèt pou prepare ak devlope sit yo atravè eta a pou relanse preparasyon New York epi ogmante atirans li pou gwo anplwayè yo ak konpayi fabrikasyon teknoloji avanse yo.

Yo bay plis pase 12 milyon dola nan sibvansyon pou devlopman mendèv estratejik: An nonvanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse Biwo Devlopman Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development) Eta New York la te bay plis pase 12 milyon dola sibvansyon pou 15 pwojè atravè eta a atravè katriyèm faz Pwogram Sibvansyon Kapital pou Devlopman Mendèv ak Peman pou Pèfòmans lan.

Kwasans djòb nan fabrikasyon k ap mennen nan peyi a ak plis pase 13,300 nouvo travay depi 2021: Nan mwa oktòb 2023, Gouvènè Hochul te selebre Mwa Fabrikasyon Nasyonal lè li te devwale chif kwasans djòb nan fabrikasyon New York la k ap mennen nan nasyon an, ki montre ke Eta New York te ajoute plis pase 13,300 nouvo djòb nan fabrikasyon depi 2021 – l ap dirije nasyon an nan travay fabrikasyon ki soti lòt bò dlo.

18,000 travay ki disponib pou moun k ap chèche azil ak migran yo. Nan mwa oktòb 2023, Gouvènè Hochul te anonse Eta a te idantifye plis pase 18,000 òf travay avèk prèske 400 anplwayè ki vle anboche migran ak moun k ap chèche azil ki te jwenn estati travay legal nan peyi Etazini. Anons sa a vini jis yon mwa apre Gouvènè Hochul te mande Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York pou kòmanse konekte biznis yo ak òf travay pou migran ak moun k ap chèche azil ki te jwenn estati travay legal.

Nouvo Pwogram Bous Detid pou Sipòte Devlopman Mendèv pou Adiksyon: Nan mwa septanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse yo pral distribiye plis pase 7.7 milyon dola nan finansman atravè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon Eta New York (New York State Office of Addiction Services and Supports, NYS OASAS) pou sipòte yon nouvo pwogram devlopman mendèv ak bous detid nan kat fakilte medsin atravè Eta New York.

Ranfòse Pwoteksyon Travayè yo
Nouvo Lwa ki egzije peye tan poz yo pou bay tete: Nan mwa jen 2024, Gouvènè Hochul te selebre yon nouvo lwa ki mande anplwayè yo pou bay 30 minit tan repo peye pou anplwaye k ap tire lèt tete Manda sa a aplike chak fwa anplwaye yo gen yon bezwen rezonab pou tire lèt tete epi li pwolonje jiska twazan apre akouchman.

Plis pase 63 milyon dola rekipere pou prèske 65,000 travayè atravè Eta New York: Nan mwa jiyè 2024, Gouvènè Hochul te anonse ke de zan depi li te anonse yon gwo represyon kont vòl salè, Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL) te mennen envestigasyon epi rekipere plis pase 63 milyon dola salè yo te vòlè pou apeprè 65,000 travayè atravè Eta New York.

Plan senk pwen pou konbat vòl òganize yo nan komès an detay epi pwoteje travayè yo: Nan kad Bidjè ane fiskal 2025 la, Gouvènè Hochul te etabli yon plan senk pwen pou konbat vòl òganize nan komès an detay:

- Ranfòse penalite kriminèl pou nenpòt moun ki atake yon travayè ki vann an detay pou soti nan yon deli pou vin yon krim.
- Pèmèt pwokirè yo konbine valè machandiz yo vòlè yo lè yo depoze akizasyon pou vòl.
- Fè li ilegal pou ankouraje lavant machandiz yo vòlè pou pouswiv vandè twazyèm pati yo.
- Y ap jwenn yon moun koupab si li itilize nenpòt sit entènèt oswa kote fizik pou vann machandiz yo vòlè yo.
- 40.2 milyon dola pou Ekip Devwe kont Vòl an Detay
- Kredi taks 5 milyon dola pou ede ti biznis yo envesti nan plis sekirite.

Konje maladi peye pou swen prenatal: Nan kad Bidjè ane fiskal 2025 la, anplwaye yo kapab kounye a resevwa yon lòt 20 èdtan konje maladi peye pou swen prenatal anplis konje maladi ki egziste deja.

Akò Règleman Ant NYSDOL ak Uber: Nan mwa novanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse yon akò regleman san presedan ant Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York ak Uber Technologies Inc., ki rezoud alafwa kontribisyon asirans chomaj nan pase ak alavni nan non chofè Uber ak Uber Eats ak sila yo ki fè livrezon.

Anpeche vyolans nan espas travay nan lekòl piblik yo: Nan mwa septanm 2023, Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon ki amande Lwa Prevansyon Vyolans nan Travay la, pwolonje pwoteksyon nan edikasyon piblik elemantè ak segondè ki te deja egzante. Egzijans sa a te vin anvigè 4 janvye 2024, ki te egzije distri lekòl yo pou yo devlope yon deklarasyon politik sou vyolans nan travay la ki dekri bi ak objektif distri a pou prevansyon vyolans nan travay.

Lòt Gwo Reyalizasyon

Pòtay dijital pou ede Eta New York bay gadri pou timoun gratis oswa a bon mache pou plis fanmi nan tout eta a: Nan mwa jiyè 2024, Gouvènè Hochul te anonse lansman ny.gov/childcare – yon pòtay dijital pou ede rann gadri gratis oswa bon mache pi aksesib pou fanmi ki elijib yo atravè eta Pwogram Asistans pou Gadri (Child Care Assistance Program, CCAP) Eta New York la.

Seri Ete pou Ti Biznis yo: Nan mwa jen 2024, Gouvènè Hochul te anonse "Seri Ete pou Ti Biznis yo" (Small Business Summer Series) nan New York – yon seri evènman enfòmasyon ak atelye pou konekte antreprenè New York yo ak resous, sipò ak sèvis gratis. Seri a gen ladan dezyèm Toune Ti Biznis (Small Business Tour) entèajans yo, ansanm ak Seri Ekspozisyon Biznis Rejyonal ki Posede pa Minorite ak Fanm 2024 yo.

Finansman Lekòl ki bat Rekò: Bidjè ane fiskal 2025 la te enkli prèske 36 milya dola nan èd total pou lekòl (24.9 milya dola nan èd fondasyon) pou ane eskolè 2024-2025 la – pi wo nivo finansman lekòl nan istwa eta a epi kenbe dispozisyon pou "non-responsabilite yo".

Premye rapò ki bay detay sou Eksperyans Travay Nouyòkè Transesksyèl yo, sila yo ki pa konfòm ak yon sèks, ak Nouyòkè ki pa Binè yo: Nan mwa janvye 2024, Gouvènè Hochul te anonse rezilta Etid sou Travay Transeksyèl yo, premye rapò ki detaye eksperyans Nouyòkè transeksyèl yo, sila ki pa konfòme yo ak yon sèks ak sila ki pa binè yo nan espas travay.

Pake lejislatif pou sipòte endistri manje ak bwason an: An desanm 2023, Gouvènè Hochul te siyen yon pake lejislatif pou sipòte endistri manje ak bwason New York la. Lejislasyon yo te vize pou ogmante kantite santye gastwonomik nan Eta a epi montre fèm ak pwodiktè lokal yo epi otorize fabrikasyon alkòl nan SUNY Broome Community College ak Cornell University.

Mwa Aprantisaj. Nan mwa novanm 2023, Gouvènè Hochul te pibliye yon pwoklamasyon ki te deklare novanm kòm Mwa Aprantisaj nan Eta New York.

Semèn Sen e Sof la: Nan mwa out 2024, Gouvènè Hochul te lanse Semèn Nasyonal Sen e Sof (Safe + Sound) la, ki te fèt 12-18 out, lè li mete aksan sou inisyativ ak pwogram Eta New York yo pou asire sante ak sekirite travayè yo atravè eta a. Sa enkli anonse webinè gratis nan Komite Konpansasyon Travayè Eta New York ki te òganize mwa sa a pou ede Nouyòkè yo konprann dwa ak pwoteksyon enpòtan yo.

Nouvo kit zouti pou travayè ki blese yo: Nan mwa janvye 2024, Konsèy Konpansasyon Travayè Eta New York la te lanse yon nouvo resous sou entènèt pou ede travayè ki blese oswa malad akòz travay yo. Kit Zouti pou Travayè ki Blese yo deziye pou asire nenpòt moun ki soufri yon maladi oswa yon blesi ki gen rapò ak travay kapab fasilman konprann dwa yo, kijan pou yo fè yon reklamasyon, ak resous ki disponib pou yo pandan y ap geri epi retounen sou pye yo. Resous la disponib nan plizyè lang.

Odyans Vityèl pou Konpansasyon Travayè yo atenn 1M: An jiyè 2024, Konsèy Konpansasyon Travayè Eta New York la te anonse ke depi mas 2020, li te òganize plis pase **1,032,500 odyans** atravè sistèm odyans vityèl li a. Sistèm sa a pèmèt travayè ki blese yo ak lòt pati yo patisipe nan odyans Konsèy yo nan konfòLòt lakay yo, nan espas travay yo, ak nan lòt kote, atravè yon òdinatè oswa aparèy mobil. Devlope an patenarya ak Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Information Technology Services, ITS) Eta New York la, sistèm odyans vityèl Konsèy la se te premye sistèm aksè ak definisyon avanse pou odyans legal nan nasyon an. Li rann odyans yo pi aksesib pou travayè ki blese yo, anpil nan yo gen difikilte pou vwayaje akòz kondisyon pa yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU